



**NYC Children**

# VIN YON PARAN DAKÈY

Administrasyon Sèvis Timoun Vil Nouyòk (ACS) ap travay san pran souf pou sipòte timoun ak fanmi yo pou yo ka rete an sekirite lakay yo. Gen kèk fwa kote timoun yo bezwen sipò sistèm fanmi dakèy la akòz sikonstans difisil yo ap viv. Sa kreye yon opòtinite enpòtan pou granmoun ki gen bon kè ouvè kay yo ak kè yo pou bay timoun sa yo yon anviwònman ki an sekirite ak ki bay lanmou, kote yo ka devlope.

**Espesyalman, Vil Nouyòk ap chèche paran dakèy ki ka bay timoun yo yon kay ki estab epi ki plen lanmou pou:**

■ Timoun ak jèn ki gen bezwen konplèks nan domèn sante mantal, devlopman ak medikal

■ Adolesan ki gen 13 ane oswa plis

■ Timoun ki fè pati yon gwoup frè ak sè

## Apèsi sou Pwosesis Sètifikasyon an

**Asiste yon oryantasyon epi ranpli aplikasyon an** – Oryantasyon pou paran adoptif potansyèl bay yon eksplikasyon detaye sou sistèm fanmi dakèy la ak sa sa vle di pou w vin tounen yon paran dakèy. Paran ki enterese yo ka ranpli epi retounen aplikasyon an pou kòmanse pwosesis la.

**Ranpli pwosesis sètifikasyon an** – Pou w vin tounen yon paran dakèy, ou dwe ranpli plizyè etap nan pwosesis sètifikasyon an, ki gen ladan: **Swiv fòmasyon pou paran dakèy** pou aprann plis sou sistèm fanmi dakèy la epi devlope ladrès pou sipòte timoun yo. **Fè yon egzamen medikal pou verifiye sante w** paske paran dakèy yo sipoze an bon sante pou pran swen timoun lan jan li merite. Fini avèk siksè yon verifikasyon konplè sou dosye w **verifikasyon background**, obligatwa pou tout granmoun ki gen 18 ane oswa plis ki ap viv nan kay la. **Patisipe nan yon evalyasyon kay** ki se yon evalyasyon pou detèmine si lakay ou an sekirite epi apwopriye pou timoun.

Ou dwe fini tout etap sa yo avèk siksè pou ou ka sètifye kòm paran dakèy. Lè ou fin sètifye kòm paran dakèy, yon ajans fanmi dakèy ap chèche matche w ak yon timoun/jèn pou mete nan kay ou. Pifò timoun yo ka retounen lakay yo an sekirite. Lè sa pa posib, gen kèk paran dakèy ki vin adopte timoun lan.

Nou swete kapab mete ou an kontak ak youn nan ajans fanmi dakèy Vil Nouyòk yo pou bay enfòmasyon esansyèl, konsèy, ak sipò pandan tout pwosesis la.

Tanpri kontakte liy WISH ACS la nan 212-676-WISH (9474) oswa vizite [nyc.gov/foster](https://nyc.gov/foster) pou plis enfòmasyon.